



The University of the State of New York • The State Education Department

Enfòmasyon pou paran Nouyòk

CHWA LEKÒL PIBLIK

Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a fè lekòl yo pran responsablite pou rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan rezime sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran yo konnen.

Dapre lwa NCLB, tout lekòl dwe fè pwogrè ki apwopriye chak ane. Si yon lekòl pa rive fè pwogrè ki apwopriye pandan de ane afile nan menm sijè a, nan menm nivo a, lekòl la ap tounen yon lekòl **ki bezwen amelyore**. Lekòl la dwe pran mezi ak èd distrik la e ak èd Depatman Edikasyon eta Nouyòk pou yo amelyore rannman elèv li yo. Lekòl yo dwe bay paran yo enfòmasyon sou kouman yo planifye pou yo amelyore rannman lekòl la ak kouman paran yo kapab kolabore ak direktè lekòl la, ak pwofesè yo pou yo ede lekòl la amelyore.

Ou gen yon nouvo chwa si lekòl kote pitit ou a ye a pap bay rannman.

Timoun ki nan lekòl ki pa bay rannman yo nan yon sitiyasyon kote yo kapab vin gen plis reta nan edikasyon yo. Lwa NCLB a ba w yon nouvo chwa. Si lekòl pitit ou a se yon lekòl Title I ki bezwen amelyore, ou kapab mande pou yo transfere pitit ou a nan yon lekòl k ap bay plis rannman nan menm distrik la. Yo rele opsyon sa a **chwa lekòl piblik**.

Distrik kote pitit ou a lekòl la dwe fè w konnen ou genyen chwa sa a nan kòmansman ane akademik lan lè yo idantifye lekòl ou a kòm yon lekòl ki bezwen amelyore. Distrik eskolè a dwe di w kouman pou ou aplike pou transfè. Paran yo dwe ranpli aplikasyon an epi voye l tounen avan dat limit lan.

Dapre regleman ki genyen nan chwa lekòl piblik la, distrik eskolè a dwe bay elèv ki tranfere nan yon lòt lekòl transpò. Elèv ki transfere nan lekòl ki bay plis rannman yo kapab rete nan lekòl sa yo jiskaske yo rive nan pi gwo klas ki genyen nan nouvo lekòl la. Dapre lalwa federal, distrik eskolè a oblije bay elèv la transpò jiskake nou rive nan fen ane kote yo pa idantifye premye lekòl timoun lan kòm yon lekòl ki bezwen amelyorasyon ankò. Nan sitiyasyon sa a, pitit ou a toujou gen dwa pou li jwenn transpò dapre lwa eta Nouyòk la.

Si genyen plis aplikasyon pou transfè pase espas ki disponib nan lekòl k ap bay plis rannman yo, distrik eskolè a ap bay elèv ki gen plis reta akademik yo priorite.

Dapre pwogram chwa lekòl la, elèv yo pa kapab transfere nan lekòl prive oubyen lekòl relijye.

Chwa lekòl piblik se youn nan opsyon ou genyen...

Lwa NCLB, bay paran timoun ki nan lekòl ki pa bay rannman yo plis pase yon sèl opsyon. Si paran yo pa deside transfere timoun yo, epi lekòl la se yon lekòl ki bezwen amelyore pandan dezan afile, distrik eskolè a kapab oblije ofri elèv yo **sèvis edikasyon siplemantè**. Sèvis sa yo se leson patikilye oubyen se yon kalite èd elèv yo kapab genyen nan sijè enpòtan yo ki pou ede yo ratrape yo. Se distrik eskolè oubyen lekòl “chatè” yo ki peye pou sèvis sa yo, se pa paran yo.

Kouman ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou chwa lekòl piblik?

- **Chèche konnen kouman pitit ou a ap travay lekòl la.** Kontake direktis lekòl la pou ou kapab konnen si pitit ou a ap reyalize objektif akademik yo. Chèche konnen si lekòl pitit ou a se yon lekòl Title I ki bezwen amelyore dapre Depatman Edikasyon eta Nouyòk. Sit Depatman Edikasyon eta Nouyòk la bay lis lekòl ki bezwen amelyore yo. http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclb_home.htm (Ale nan kolòn ki agoch la ki sou “lekòl ki bezwen amelyore”)
- **Chèche enfòmasyon.** Direktè lekòl la ak moun ki alatèt distrik la ap ba w enfòmasyon alekri sou lekòl k ap asepte transfè yo. Poze yo kesyon sou ki sa nouvo lekòl la ap ofri pitit ou a, poze kesyon sou transpò, mande ki lè ou kapab vizite lekòl la. Si lekòl la pa gen ase plas ki disponib pou transfè, chèche konnen kouman distrik eskolè a deside ki elèv ki elijib.
- **Fè yon chwa.** Se sèlman paran yo ak moun ki responsab elèv yo ki kapab deside pou yo aplike pou chwa lekòl piblik oubyen sèvis edikasyon siplemantè. Ou dwe konprann ki sa ou bezwen pou ou kapab fè yon chwa. Mande direktè lekòl la, pwofesè pitit ou a, moun ki alatèt distrik la ak lidè paran yo pou yo ba w enfòmasyon ki fasil pou ou konprann.
- **Chèche konnen kouman ou kapab ede.** Kòm paran ou kapab mande pwofesè pitit ou a, direktè lekòl la oubyen yon lidè gwoup paran nan lekòl la ki mezi yo pran pou yo amelyore lekòl la. Ou kapab mande pou ou ede lekòl pitit ou a fè pwogrè nan reyalize objektif akademik yo.



Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele “okenn timoun pa rete dèyè” (No Child Left Behind ann angle). Pati A, Seksyon 1116 (b)(E) nan “No Child Left Behind” lan kouvri Chwa Lekòl Piblik. Si ou bezwen lòt feyè “...Enfòmasyon”, mande direktis lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la nclbnys@mail.nysed.gov oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.

12/02//03